# Жеңимпазлар сыйлықланды

Нөкис қалалық 1- санлы балалар ҳәм өспиримлер спорт мектеби залында қол урысы бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси кубогы шөлкемлестирилди. Онда 18 жастан жоқары болған  150 ге жақын спортшылар қатнасты.

Image not found or type unknown

Еки күн даўам еткен жарыста 8 салмақ категориясында 14 команда қатнасты. Жарыс жуўмағы бойынша командалық есапта Миллий гвардия 1-орынды, Ишки ислер министрлиги 2-орынды ҳәм 3-орынды Қарақалпақстан қол урысы федерациясы жеңип алыўға еристи.

Жеңимпазларды салтанатлы сыйлықлаў мәресимине Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы М.Камалов қатнасып спортшыларды қутлықлады.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети